

Chè Fanmi St. Luke yo,

Yon gwo mèsì a pwofesè yo ak anplwaye nou yo ki te ede “Back to School Night” anyèl nou an rive byen pase. Nou apresye donasyon tan ou ak prezans ou nan St. Luke yon jedi swa. Nou te reyèlman kontan wè nou tout sou lakou lekòl nou an. Nou swete ke ou te gen opòtinite enskri pou fè volontarya ane sa avèk St. Luke. Mèsì anpil tout moun ki te ede nou avèk divès stasyon paspò ki te enstale patou nan Parish Hall.

Kounye a, pandan ke ane lekòl la gentan byen lanse, m’ap pwofite bay kèk konsèy pou yon ane skolè pwodikatif. Eseye mete yo an pratik regilyèman pou garanti yon ane skolè plen ak siksè.

- Kreye woutin e pratike yo
- Al dòmi ak leve nan menm lè chak jou
- Asire’w ke pitit ou a li pandan 20 minit chak jou e kreye yon kwen trankil pou ke pitit ou a ka konplete devwa li chak aprè midi.
- Pale souvan ak pitit ou a de objektif e kòman lekòl ka ede li akonpli yo. Sa ap kreye yon rezon pou ke yo al lekòl e rann yo pi responsab nan etid yo.
- Pratike lafwa nou tankou yon fanmi lè nou priye avan nou manje, avan n’al dòmi e ale lamès ansanm nan dimanch

Mwen swete ke ou pase yon bon semèn!

Bondye Beni Nou,  
Mme. Lopez

### **National College Colors Day**

Nan Jedi, 31 Out, akonpanye St. Luke nan efòl pou ankouraje etid avanse epi tou sipòte inivèsite prefere’w lè ou pote koulè yo, mayo yo, ou byen mayo spò yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou evènman sa: [www.collegecolors.com](http://www.collegecolors.com) Si ou pibliye foto de jou sa sou entènèt tanpri tag St. Luke ak #collegecolors.

### **Kona Ice**

Kona Ice ap sou lakou lekòl la nan premye Vandredi lè lekòl la ap lage a midi. Nou ankouraje fanmi nou ye achte nan jou sa yo. Lekòl la ap jwenn yon pòsyon nan benefis yo.

### **Konsè Gratis avèk M. Faulkner**

Vin jwenn nou pou yon konsè gratis avèk M. Kevin Faulkner. L’ap jwe nan yon konsè pou tout moun nan dimanch premye Oktòb at 7:00pm nan legliz la. Li pral jwe youn nan pi bèl chante Charles Tournmire ki rele “Seven Chorals on the Seven Last Words of Christ.” Ap gen imaj pou akonpanye chak mo yo. An plis ap gen poèm pou eksplike chak mo yo. Konsè a ap dire 1 heures de temps.

### **Knights of Columbus**

Gwo mèsì a patnè nou yo ansanm avèk zanmi nou yo nan Knights of Columbus. Yo te reprezante nan “Back to School Night” la e yo fè nou kado yon total de \$1,000. Nou apresye sipò nou nan Fish Fry, BBQ, ak sipò nou nan Back to School Teacher breakfast and lunch

### **Edikasyon Relijye**

Semèn sa w'ap resevwa enfòmasyon sou pwogram edikasyon relijye nou an. Si se premye ane ou nan St. Luke e ou vle vin katolik, ou byen si ou gen nenpòt kesyon sou sakreman yo, tanpri kontakte Sully nan [sully@stlukeparish.com](mailto:sully@stlukeparish.com)

### **Fè Kòmmand Manje par Meals To Go Catering/Chef Gina**

Pou nou ka pi byen sèvi w avèk nouvo pwogram manje nou an, li preferab ke ou fè kòmmand manje a avan maten jou lè timoun nan bezwen manje a. Tanpri pran nòt ke nou deja eseye fasilite pwosesis la lè nou chanje menu yo de chak mwa a chak semèn. Lè nou fè kòmmand la yon semèn a lavans, sa ap ede tout moun pi byen sèvi ou. Sonje ke pizza se chak Vandredi, nou dwe fè kòmmand pizza depi nan Jedi, pa nan Vandredi maten. Si ou bezwen lòt kopi menu a, w'ap jwenn li nan main ofis la.

### **Manje ki Sòti Lakay**

Tanpri voye pitit ou a lekòl avèk manje l chak jou, olye pou ou pote manje pou li nan mitan jounen an. Sa deranje lè elèv la dwe kite klas li pou l vin pran manje l nan ofis la. Tanpri ede n kenbe tan etid sakre e san enteripsyon.

### **Rapèl sou Pwosesis Mennen ak Vin Chèche Elèv yo Lekòl**

Sonje ke nou ka kòmanse depoze elèv yo a pati de 7:30am. P'ap gen moun pou veye elèv yo avan 7:30. Lekòl la lage a pati de 3:10pm e tout fanmi yo (eksepte PK3 ki gen dwa mache jiska pòt lekòl la) dwe swiv liy machin nan. Si ou rive aprè liy machin nan fini, pitit ou a ap nan "extended care" e w'ap gen pou peye pou sa. Si ou bezwen vin chèche pitit ou a bonè, ou dwe sign li out nan ofis la. Paran yo pa dwe sou lakou lekòl la san yo pa pase nan ofis la avan e gen yon pass. Pou pa enteronp klas la, ou pa ka retire elèv la nan klas aprè 2:40pm.

### **Selebrasyon Anivèsè**

Tanpri, asire w ke ou pale avèk pwofesè elèv ou a si ou ta renmen selebre anivèsè l ansanm avèk klas li a.

### **Spirit Shirt Thursdays**

SLCS ap patisipe nan "Spirit Day" chak Jedi. Chak Jedi, elèv yo gen dwa mete yon "Spirit t-shirt." Elèv yo gen dwa mete mayo de ane pase yo, ou byen yo ka achte nouvo a. N'ap ba ou enfòmasyon sou kòman pou w achte nouvo mayo a.

### **Nan Ka Move Tan**

Nan ka move tan, tanpri sonje ke SLCS swiv desizyon School District Palm Beach la konsènan fèmte lekòl la.

### **Opòtinite Ekstra Eskolè**

Ane sa, n'ap amelyore aktivite ekstra eskolè pou pwogram aprè lekòl (after school) nou yo. Kèk nan pwogram ke n'ap ofri yo se: Music Caribe, Mad Science, Lil Sluggers, Robotics, ak Chess Club. Tanpri rete atantif pou plis enfòmasyon pou konn lè yo vin disponib.

Si ou vle ke pitit ou a pran kou vyolon, jwenn Musiccaribe Project. M. Mattos, yon direktè, ap nan lekòl la pou pale avèk paran yo, reponn kesyon, ak ranmase enskripsyon nan sal mizik la nan jou sa yo:

Lendi 28 Out: 3:00-4:00pm

Mèkredi 30 Out: 3:00-4:00pm

Ou ka pran kontakt ak M. Mattos tou par email: [musicaribeproject@gmail.com](mailto:musicaribeproject@gmail.com)

Yon lòt opòtinite ekstra skolè ke pitit ou a ka patisipe se Mad Science Club. Se yon pwogram aprè lekòl pou elèv ant K-5èm ane. Nou te voye feyè semèn pase a sou sa, men ou ka enskri an liy [www.madscience.org/palmbeach](http://www.madscience.org/palmbeach) ou byen rele (561) 747-3033.

### **Spartans Athletics**

Antrènman pou Flag Foutbòl ak volebòl ap kontinye semèn sa. Antrènman flag foutbòl yo ap fèt 3:30-5:00pm, antrènman volebòl yo se 6:00-7:30pm nan St. Luke. Li pa twò ta si ou ta renmen patisipe nan aktivite spò yo, vin fè yon esè.

### **Fòm Spò**

Elèv k'ap antre nan 4èm ane e plis, dwe ranpli fòm spò yo (Sport Physical Forms, Consent Forms, and Concussion Forms), yo dwe konplete yo chak ane. W'ap jwenn fòm yo isit la: <http://www.stlukepalmssprings.org/school-life#athletics>

### **Klas Pwoteje Pitit Bondye**

Tout moun k'ap fè volontarya dwe swiv yon klas pwoteje pitit Bondye. Klas la ap fèt nan Samdi 16 Septanm de 10 a 1pm nan St. Luke. Klas sa ap fèt an anglè. Klas an espanyòl la ap fèt Samdi 2 Septanm de 9 a 12pm nan St. Luke. Si ou ap patisipe nan youn nan klas sa yo, tanpri swiv enstriksyon sa yo pou ou ka enskri:

1. Ale sou e klike sou Quick links anba a dwat paj la
2. Klike sou Safe Environments
3. Klike sou Virtus Training nan menu ki a goch la
4. Chwazi Create a new Virtus account (asire'w ke ou chwazi Start Registration)
5. Swiv enstriksyon ke yo ba ou yo

**\*Tanpri note ke paran k'ap retounen yo dwe swiv etap sa yo sèlman si yo pa gen yon kont Virtus.**

### **Anprent**

Tout volontè yo ap gen pou fè anprent yo e resevwa pèmasyon dyosèz la. Anprent yo renouvle chak 5 an. Tanpri byen note ke se par apwentman sèlman. Si ou bezwen fè anprent ou tanpri kontakte Mme. Martinez nan main ofis la pou yon "fingerprinting authorization form."

### **Box Tops avèk Shoparoo**

Fè'n kado lajan gratis lè ou kenbe Box Tops for education e lè ou remèt yo nan main ofis la. Ou ka fè lajan tou lè ou achte lè ou fè foto resi ou a. Nou bezwen kèlke volontè pou ede nou ranmase Box Tops. Si ou enterese tanpri kontakte Mme. Martinez [maria.martinez@stlukeparish.com](mailto:maria.martinez@stlukeparish.com)

Tanpri pran yon moman pou'w download aplikasyon Shoparoo a sou telefòn ou, chwazi St. Luke kòm koz ou e kòmanse pran foto resi'w yo, sa ap pèmèt St. Luke angranje pwen. A pati de nonb pwen akimile par lekòl la, n'ap jwenn yon donasyon.

### **Medya Sosyal**

Si ou poko fè sa, tanpri swiv nou sou medya social yo.

Facebook ~ [www.facebook.com/stlukecatholicschool](http://www.facebook.com/stlukecatholicschool)

Twitter ~ @StLuke\_ND\_ACE

Instagram ~ stluke\_nd\_ace

### **Remind App**

Resevwa mesaj tèks de Mme. Lopez ou byen tèks li dirèkteman: voye mesaj @chg78 bay nimewo 81010, ou byen klike sou lyen : <https://www.remind.com/join/chg78>

Resevwa mesaj tèks de Coach Preves ou byen tèks li dirèkteman: voye mesaj @tpreves bay nimewo 81010, ou byen klike sou lyen : [www.rmd.at/tpreves](http://www.rmd.at/tpreves)

### **Dat Enpòtan K'ap Vini**

Mardi 29 Out: Kafe avèk Mme. Lopez

Jedi 31 Out: National College Day

Vandredi 1 Septanm: Mès a 8:15am (elèv yo dwe mete inifòm legliz yo), lekòl lage a midi

Samdi 2 Septanm: 9-12pm Klas Pwoteje Pitit Bondye an espanyòl

Lendi 4 Septanm: Pa gen lekòl, Labor Day

Vandredi 8 Septanm: Mès a 8:15am (elèv yo dwe mete inifòm legliz yo)

Samdi 9 Septanm: 9am Rankont School Advisory Council

Vandredi 15 Septanm: Mès a 8:15am (elèv yo dwe mete inifòm legliz yo)

Samdi 16 Septanm: 10-1pm Klas Pwoteje Pitit Bondye

Vandredi 22 Septanm: Mès a 8:15am (elèv yo dwe mete inifòm legliz yo) e Dance-a-Thon Fundraising anyèl nou an